



JEZI ...

Pi bon zanmi m nan



Bondye renmen tout moun.

Li vle pou l genyen yon
relasyon damou avèk tout
moun.

"Nou menm nou konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se
vre. Bondye se renmen an menm." (1 Jan 4 :16)



Men poutan, yo tout fè peche pandan yo
dezobeyi Bondye. Peche a kraze amitye
nou avèk Bondye.

Peche a se dezobeyisans kont Bondye. Se
fè yon bagay ke Bondye di nou piga nou fè,
oubyen pa fè yon bagay ke Bondye mande
pou nou fè.

"Tout moun fè peche, epi yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a".
(Women 3:23)



Bondye renmen nou anpil anpil. Li te voye
Pitit li a ki rele Jezi, pou l te kapab
demontre nou lanmou li. Jezi te vini nan
mond lan sou fòm yon ti bebe. Li te sèl
Pitit li a.

"Men ki jan Bondye fè nou wè jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l'
te ka ban nou lavi". (1 Jan 4 :9).



Jezi te grandi epi li te vin tounen yon gran gason. Li te fè dyalòg avèk tout moun konsènan lanmou ke Bondye te genyen pou yo a.

- Jezi te montre tout moun kijan yo te kapab renmen Bondye epi renmen youn lòt.
- Li te toujou montre lanmou li pou ti moun yo.

"Men, Jezi rele timoun yo vin jwenn li, li di: Kite timoun yo vin jwenn mwen. Pa anpeche yo vini, paske peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li ye" (Lik 18 :16)



Jezi te fè anpil bagay pou l te kapab montre tout moun ke Li se Pitit Bondye a.

- Li te bay moun ki grangou yo manje.
 - Li te geri moun ki malad yo.
- Li te fè moun ki te mouri yo tounen viv ankò.

"Jezi t'ap mache nan tout lavil yo ak tout ti bouk yo. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg yo. Li t'ap fè konnen Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a. Li t'ap geri tout kalite maladi ak tout kalite enfimite". (Matye 9:35).



Genyen kèk moun ki pat renmen Jezi.

- Yo pa t renmen kalite ansèyman Jezi yo.
- Yo pat kwè ke Li te Pitit Bondye a.

Moun sa a yo te deside touye Jezi. Li te nesesè pou sa te fèt konsa, paske li te vini nan mond lan pou l te kapab mouri pou peche tout moun sou latè.

"Depi lè sa a, Jezi kòmanse pale aklè ak disip li yo, li di: Fòk mwen moute lavil Jerizalèm. Fòk mwen soufri anpil nan men chèf fanmi yo, nan men chèf prêt yo, nan men dirèktè lalwa yo. Y'ap fè yo touye mwen. Men, sou twa jou, mwen gen pou m' leve soti vivan nan lanmò".
(Matye 16:21)



Jezi te mouri pou ke tout moun te kapab
jwenn padon epi viv kòm zanmi Bondye.
Jezi te mouri pou ou paske Li renmen ou.

Padon an se trete yon moun ki te fè yon
bagay ki mal tankou si li pat fè anyen ki
mal.

"Sou pwen sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou
anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri
pou nou". (Women 5 :8)



Men sa ki pi bon nan tout bagay sa a yo, se paske Bondye tounen bay Jezi lavi yon lòt fwa ankò. Gen anpil moun ki te wè li epi te pale avèk li nòmalman. Pi devan, Jezi te retounen al bò kote Papa I nan syèl la.

"Bondye zansèt nou yo te fè Jezi leve soti vivan nan lanmò, Jezi nou te fè touye lè n' te klosure l' sou kwa a". (Travay 5 :30)



Jezi vivan jodi a! Li renmen ou anpil epi li ta renmen vin Sovè w ak pi bon zanmi w tou. Nou rele Jezi Sovè nou paske Li te mouri pou peche nou yo epi ede nou viv nan fason ke Bondye vle nou viv la.


Èske w ta renmen pou Jezi vin Sovè w ak pi bon zanmi w kounye a menm ?



Si se konsa, sèlman fè sa :

- A. Di Bondye ke w te dezobeyi li. Women 3 :23
- B. Ou kwè ke Bondye renmen w epi Li te voye Pitit Li a Jezi pou l te kapab fè padon w lan posib. Mande epi resevwa padon Bondye a. Jan 3 :16
- C. Aksepte Jezi kòm Sovè ak pi bon zanmi ou. Kòmanse viv tankou pitit Bondye. Women 10 :13

Aksepte vle di konnen ke Jezi se Sovè w, san ke w pa doute menm pou yon segond.



"Paske, Bondye sitèlman renmen
lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo.
Tout moun ki va mete konfyans
yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè
y'a gen lavi ki p'ap janm fini an."

(Jan 3 :16)

Fè pwòp lapriyè pa ou, oubyen itilize sa a :

Papa Bondye,

Mwen di ou mèsi dèské w te voye Jezi antanke Kris la
vin mouri sou kwa a pou bagay mal mwen te fè yo.

Mwen rekonèt ke mwen te dezobeyi w, epi mwen
regrèt sa anpil.

Tanpri, padone mwen. Mwen vle pou Jezi vin Sovè m
ak zanmi mwen. Ede m obeyi w chak jou. Mwen kwè
ke ou padone mwen.

Mèsi anpil. Amèn.

Kisa w kapab fè pou w ogmante amitye w avèk Jezi ?

Sonje byen ! Jezi, pi bon zanmi w lan la avèk ou epi li nan ou tou.

1. Aprann plis bagay osijè de Jezi nan Liv li a ki se Bib la.
2. Toujou chita pale ak Bondye.
 - Di li mèsi dèské li te voye Jezi.
 - Mande l èd li pou w kapab obeyi Bondye.
3. Pale avèk lòt moun osijè de zanmi w lan, Jezi ki se Kris la.
4. Toujou patisipe nan sèvis legliz la pou w kapab rasanble ak lòt zanmi Bondye yo.
5. Si w santi w dezobeyi Bondye, mande l padon byen vit. Answit, kontinye viv kòm yon zanmi Jezi.

Copyright © 2022 WordAction Publishing Company, yon divizyon nan The Foundry Publishing. Edisyon sa a pibliye nan tèt ansanm avèk The Foundry Publishing. Tout dwa yo deja rezèv.

Tradwi pa Dezama Jeudi

Tout vèsè yo soti nan Vèsyon Biblik Jerizalèm nan lang kreyòl ayisyen an.


ISBN: 978-1-63580-316-7

Copyright © 2022 Tout dwa yo deja rezèv.

Imaj ki nan feyè sa a yo itilize avèk pèmisyon The Jesus Film Project (Pwojè Fim Jezi a) epi yo te sòti nan The JESUS Film (Fim Jezi a) oubyen The history of Jesus for Children (Istwa Jezi pou ti moun yo).

ISBN 978-1-63580-316-7

90000



9 781635 803167